दिन–बुधवार दिनांक–08.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारत अमरीका आ ईरानक मध्य भेल युद्ध विरामक स्वागत करैत स्थायी शांति समितिक उम्मीद जतौलक अछि। नव दिल्ली मे अंतर–मंत्रालयी प्रेस वार्ता मे विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल कहलनि जे भारत सदैत कूटनीति आ संवादक माध्यमे तनाव कम करबाक पक्षधर रहल अछि। ओ जनौलनि जे भारत होर्मुज जलडमरूमध्य मे निर्बाध आवाजाही केर आवश्यकता पर सेहो जोर दैत क्षेत्र मे शांति आ स्थिरताक प्रतिबद्धता दोहरौलक अछि।

---

भारतीय रिजर्व बैंक नीतिगत ब्याज दर, रेपो रेट कँ पाँच दशमलव दू पाँच प्रतिशत बनौने रखने अछि। मौजूदा वित्तीय वर्ष लेल पहिल द्विमासिक मौद्रिक नीति केर घोषणा करैत आरबीआई केर गवर्नर संजय मल्होत्रा कहलनि जे मौद्रिक नीति समिति सर्वसम्मति सँ रेपो रेट मे कोनो बदलाव नहि करबाक निर्णय लेलक अछि। मौद्रिक नीति समिति पछिला वित्तीय वर्षक लेल सकल घरेलू उत्पाद–जीडीपी सात दशमलव छओ प्रतिशत आ चालू वित्तीय वर्षक लेल छओ दशमलव नओ प्रतिशत रहबाक अनुमान व्यक्त कयलक अछि। श्री मल्होत्रा कहलनि जे ऊर्जा केर दाम मे हालहि मे भेल वृद्धि सँ महगी बढ़बाक आशंका अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री मुद्रा योजना युवा लोकनि मे स्वरोजगार कँ बढ़ावा देबा मे बेस लाभकारी सिद्ध भेल अछि। दू हजार पन्द्रह मे शुरू भेल ई योजना आइ एगारह बरख पूरा कऽ लेलक अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे एहि योजनाक सफलता ई साबित कऽ देलक अछि जे जखन लोक सभ कँ सही अवसर भेटैत अछि, तँ ओ आत्मनिर्भर बनि सकैत छथि आ राष्ट्रक प्रगति मे महत्त्वपूर्ण योगदान दऽ सकैत छथि।

---

जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दस अप्रैल कैँ राज्यसभा सदस्यक रूप मे शपथ लेताह। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी आइ पटना मे ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे शपथ ग्रहणक बाद मुख्यमंत्री अपन पद सँ इस्तीफा देताह आ तकरा बाद नव मुख्यमंत्री चयन कैँ लऽकऽ एनडीए केर घटक दल सभक बैसक होयत। श्री चौधरी कहलनि जे बैसक मे सर्वसम्मति सँ मुख्यमंत्रीक चयन कयल जायत।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ चारि हजार नओ सय चौबन एएनएम कैँ नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। पटनाक ऊर्जा ऑडिटोरियम मे आयोजित समारोह मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय समेत कतेको गणमान्य उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

खाद्य एवं उपभोक्ता संरक्षण मंत्री लेशी सिंह कहलनि अछि जे खरीफ विपणन वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीस मे छत्तीस लाख उनासी हजार मीट्रिक टन धान अधिप्राप्ति भेल। ई तय लक्ष्य सँ मात्र छओ हजार मीट्रिक टन कम अछि। आइ पटना मे पछिला वित्तीय वर्षक उपलब्धि सभक जनतब दैत श्रीमती सिंह जनौलनि जे एखन धरि बारह लाख छओ सय मीट्रिक टन चाउरक अधिप्राप्ति सेहो भऽ चुकल अछि।

———————————————————————————

राज्य सरकार जनगणना दू हजार सत्ताईस केर सफल संचालनक लेल जनगणना काज मे प्रतिनियुक्त पदाधिकारी आ कर्मी लोकनिक स्थानांतरण पर रोक लगा देलक अछि। राजस्व एवं भूमि सुधार विभागक प्रधान सचिव सह–जनगणना समन्वयक सी.के अनिल एहि संबंध मे सभ जिलाधिकारी लोकनि कैँ पत्र जारी कयलनि अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ केर प्रभाव सँ प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे बरखाक सिलसिला चलि रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ समस्तीपुर, पटना, गया,

औरंगाबाद, अरवल, आ भोजपुर समेत कतेको जिला मे तेज हवाक संग हल्का सँ मध्यम बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग सभ मे बरखाक संभावना अछि। एहि दरमियान तेज हवाक संग ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान अधिकतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक गिरावटक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————

कटिहार रेलवे स्टेशन पर सोलर पावर प्लांट केर माध्यम सँ विद्युत आपूर्ति शुरू भऽ गेल अछि। पूर्वोत्तर सीमांत रेलवेक महाप्रबंधक चेतन श्रीवास्तव आइ एक दशमलव एक मेगावाट केर सोलर पावर प्लांटक उद्‌घाटन कयलनि। ओ जनौलनि जे एहि सँ रेलवे कँ प्रतिवर्ष डेढ करोड़ टाकाक बचत होयत।

———————————————————————

समाप्त भेल